

Pwogram Asistans Finansyè
Hallmark Health System

Pwogram Asistans Finansyè Hallmark

Lis Sijè yo

I. Objektif	2
II. Definisyon	2
III. Pwovizyon Jeneral	2
a. Antite k ap Patisipe	2
b. Yo defini Pasyan Hallmark Health ki pa gen Asirans oswa Asirans yo Manke kòm.....	2
c. Responsablite Pasyan yo.....	3
d. Hallmark Health Asistans Finansyè ak Konsèy.....	3
IV. Hallmark Health Pwogram Rabè pou Pasyan	3
a. Hallmark Health ofri pwogram rabè pou pasyan suivan sa yo	3
b. Pwosesis pou Fè Demann epi Ranpli Kondisyon yo.....	4
c. Admisyon nan Pwogram nan	4
d. Pasyan ki gen Mwayen Limite.....	4
e. Sèvis ki nan Pwogram nan.....	4
f. Sa k pa Ladann	4
g. Hallmark Health Rabè pou Pasyan Revni Fèb.....	4
h. Hallmark Health Rabè Difikilte Medikal	5
i. Hallmark Health Pwogram Rabè pou Moun ki pa gen Asirans oswa Asirans yo Manke.....	5
j. Baz pou Kalkile Montan pou Pasyan Peye	5
V. Plan Peman	6
VI. Pa Peye	6
VII. Pibliye e Pwopaje FAP la (Pwogram Asistans Finansyè)	6
a. W ap ka jwenn enfòmasyon sou Konseye Finans Hallmark Health yo, ki bay konsèy sou finans avèk asistans finansyè, ansanm ak enfòmasyon sou Pwogram Asistans Finansyè a, sou entènèt la nan https://www.hallmarkhealth.org/Financial-Counseling-and-Billing.html	6
b. Disponib sou Entènèt.....	6
c. Lopital la fè tout moun konnen asistans finansyè disponib selon pwogram sa a fason sa yo	6
VIII. Lòt Pwovizyon:.....	7
a. Medicare Move Dèt (Bad Debt).....	7
b. Evalyasyon Ka-Pa-Ka	7
IX. Apwobasyon Konsèy la.....	7

Pwogram Asistans Finansyè Hallmark

I. Objektif

Hallmark Health (souvan nou rele yo "Lopital" nan dokiman sa a) devwe pou yo bay kominote a bonjan sèvis swen sante. Lopital la bay tout kalite pasyan sèvis medikal ki nesèsè, kèlkeswa kapasite yo genyen pou yo peye. Lè l ap bay yon moun sèvis, Lopital la pa fè patipri poutèt ras li, koulè l, kote l soti, sitwayènte l, stati l, relijyon l, kwayans li, sèks li, oryantasyon seksyèl li, sèks li santi l genyen, laj li, andikap li, lefètke l pran dwòg, stati l nan sosyete a oubyen akòz sityasyon ekonomik li, lefètke li pa gen asirans, oswa aparans fizik li. Pou l kapab kontinye bay sèvis bon kalite e pou l soutni bezwen kominote a, Hallmark Health dwe gen yon pwogram finansyè ki mache byen, e sa gen ladan l fason yo fè resèt atan.

Hallmark Health konprann gen pasyan ki manke mwayen, e yo ka pa gen asirans pou tout kalite sèvis. Nou fè dokiman sa a pou pasyan ki pa gen asirans oswa asirans yo manke, e ki manke mwayen, pou nou fè yo konnen diferan pwogram asistans finansyè Lopital la genyen ki ka disponib pou yo.

Nou atann pasyan ki gen mwayen yo peye pou sèvis Hallmark Health ba yo. Pwogram sa a atann pasyan ki ka jwenn asirans selon mwayen yo pou yo fè sa, epi pou yo kenbe l ajou. Pwogram asistans finansyè Hallmark Health yo se pou pasyan ki pa gen asirans swen sante avèk yon konpayi asirans piblik (tankou Medicare oubyen Medicaid) oswa prive (tankou Blue Cross, Blue Shield, Harvard Pilgrim, elatriye) epi ki gen yon bezwen finansye ki pa satisfè. Si yo ranpli kondisyon yo, rabè Hallmark Health ka disponib pou pasyan ki montre yo gen bezwen finansye, swa paske revni yo piti, swa paske depans medikal yo twòp parapò ak revni yo.

II. Definisyon

Sèvis Emèjènsi: sèvis ki medikalman nesèsè yo bay poutèt yon kondisyon medikal, kit li fizik, kit li mantal, ki gen senptom ki ase grav, san wete gwo doulè, kote nenpòt moun òdinè ki pridan ki gen yon konesans mwayèn sou lasante ak lamedsin kapab atann ke san yon entèvansyon medikal rapid, sa kapab mete sante moun nan oubyen sante yon lòt moun an gwo danje, sa kapab fè l pèdi yon fonksyon nan kò l oubyen yon ògàn nan kò l oubyen yon lòt pati nan kò l. Oubyen tou, anrapò ak yon fanm ansent, yo defini l plis nan 42 U.S.C. § 1395dd(e)(1)(B). Yon egzamen medikal e nenpòt tretman pou stabilize yon moun ki gen yon kondisyon medikal ki ijan, san wete swen yo bay pasyan ki etène yo, ak nenpòt lòt sèvis yo bay selon egzijans ki nan Lwa sou Travay ak Tretman Medikal Dijans lan (Emergency Medical Treatment and Labor Act, EMTALA) (42 U.S.C. § 1395(dd)), sa yo kalifye kòm Sèvis Emèjènsi.

Sèvis Dijans: sèvis ki medikalman nesèsè yo bay poutèt yon kondisyon medikal, kit li fizik, kit li mantal, ki gen senptom ki ase grav (san wete gwo doulè), kote yon moun òdinè ki pridan ta kapab kwè si moun nan pa jwenn asistans medikal anvan 24 èdtan fin pase, rezonabman sa ta kapab mete sante pasyan an an danje, sa ta ka fè l pèdi yon fonksyon nan kò l oubyen yon ògàn oubyen yon lòt pati nan kò l. Sèvis dijans se pou kondisyon ki pa menase vi moun e ki pa mete sante yo an gwo danje.

Sèvis Medikal Nesèsè ki Pa Emèjènsi e ki Pa Ijan: sèvis ki pa ranpli kondisyon yo pou yo se sèvis Emèjènsi oswa sèvis Dijans, men yo nesèsè pou rezon medikal. Jeneralman, men pa toutan, pasyan an pwograme jan de sèvis sa yo alavans.

Sèvis ki Medikalman pa Nesèsè: yon pwosedi, egzamen, oswa sèvis ki pap gen efè sou sante moun nan e ki pa mande pou yo ba l swen emèjènsi oswa swen dijans.

III. Pwovizyon Jeneral

a. Antite k ap Patisipe

Pwogram sa a se pou sèvis Lopital la bay e fè resèt pou yo nan andwa yo site nan Apendis A- Andwa Hallmark Health yo, Antite k ap Patisipe. Pwogram sa pa pou sèvis antite yo bay oswa fè resèt pou yo, anpalan de antite ki nan Apendis B- Lis Founisè Asosye ak Hallmark Health, Antite ki Pap Patisipe, menm nan ka kote yo rann sèvis sa yo anndan andwa Lopital yo ki nan Apendis A a.

b. Yo defini Pasyan Hallmark Health ki Pa gen Asirans oswa Asirans yo Manke kòm:

1. Pasyan ki pa gen asirans;
2. Pasyan ki gen kòm "asirans" sèlman Massachusetts Health Safety Net la;

Pwogram Asistans Finansyè Hallmark

3. Pasyan ki dwe paske byen fè asirans yo "fini"; oswa
 4. Pasyan ki dwe akòz sèvis ki "pa kouvri" yo, kote asirans lan jije se pasyan an ki konplètman responsab depans yo paske sèvis sa yo pa kouvri. Sa gen ladan l sèvis kote asirans lan te rejte reklamasyon an poutèt limit rezo konpayi asirans lan.
- c. Responsablite Pasyan yo:
- i. Pasyan an gen plizyè responsablite pou l ranpli pou l ka kalifye pou l jwenn asistans nan men Lopital la selon pwogram sa a. Sa gen ladan l:
 1. Obligasyon pou l chèche asirans epi kenbe l ajou, si gen asirans ki disponib selon mwayen l;
 2. Obligasyon pou l fè demann pou nenpòt asirans gouvènman an bay, depi yo ranpli kondisyon yo;
 3. Obligasyon pou l depoze, san l pa pran twòp tan, tout dokiman yo mande l anrapò ak revni, resous li, idantite, ak kote l rezide a, ki nesèsè pou yo enskri nan asirans Eta a epi/oswa pou yo fin ranpli Fòmilè Demann Asistans Finansyè Hallmark Health la;
 4. Obligasyon pou l asire Lopital la okouran enfòmasyon demografik ak enfòmasyon asirans ki ajou; epi
 5. Obligasyon pou l peye tout sa l dwe ann amoni ak delè yo dakò sou yo.
 - d. Hallmark Health Asistans Finansyè ak Konsèy:
 - i. Kowòdonatè Asirans toujou ap gade pasyan yo idantifye kòm pasyan ki pa gen asirans oswa asirans yo manke ki gen yon randevou pou yon sèvis, epi yo kowòdone avèk pasyan yo epi avèk Konseye Finans Hallmark Health yo pou yo ka pwograme yon randevou pou yo pale sou opsyon yo nan domèn asistans finansyè.
 - ii. Epitou, depatman Hallmark yo konn refere pasyan yo bay Konseye Finans yo.
 - iii. Konseye Finans yo verifye si pasyan yo ranpli kondisyon pou yo jwenn asirans piblik epi/oswa asirans prive.
 1. Hallmark Health verifye si pasyan ranpli kondisyon pou pwogram eta yo ak pwogram federal. Pou yo kapab ranpli kondisyon pou yo jwenn rabè, pasyan yo gendwa bezwen fè demann yon seri pwogram eta ak pwogram federal, ki gen ladan yo MassHealth epi/oswa Medicare.
 2. Si pasyan an ranpli kondisyon pou yon pwogram piblik, Konseye Finans yo ap konseye l sou ki jan pou l fè demann nan, epi y ap ede l fè demann nan si sa posib.
 3. Si yon pasyan pa ranpli kondisyon pou yon pwogram piblik (pa egzanp, sou baz Nivo Povrete Federal ("FPL") yo a, stati yo antanke imigran, elatriye), si yo rejte pasyan an pou pwogram ki disponib pou li yo, oswa si pwogram piblik la pap kouvri tout depans pasyan an, Konseye Finans yo ap konseye l sou posiblite pou l jwenn pwogram prive, epi y ap verifye si l ranpli kondisyon yo pou Pwogram Rabè Asistans Finansyè Hallmark Health la (Seksyon IV ki pi ba).

IV. Hallmark Health Pwogram Rabè pou Pasyan

- a. Hallmark Health ofri pwogram rabè pou pasyan suivan sa yo:
- i. Rabè pou Pasyan Revni Fèb, selon mezi Hallmark Health FPL yo (Seksyon IV(g)).
 - ii. Rabè Difikilte Medikal, selon mezi Hallmark Health yo (Seksyon IV(h)).
 - iii. Rabè pou Pasyan ki pa gen Asirans oswa Asirans yo Manke (Seksyon IV(i)).

Yo gendwa aplike rabè ki nan pwogram sa yo anvè tout lajan yon pasyan dwe ki ranpli kondisyon yo selon mezi Hallmark Health yo ki nan Apendis C – Montan Rabè Asistans Finansyè Hallmark Health, san ko-peman, dediktib, ak ko-asirans pa ladann (peman pasyan an fè anplis sa asirans lan peye). Si pasyan yo kalifye pou plizyè pwogram rabè, y ap akòde l pwogram ki gen plis rabè a.

Yo pap bay rabè sou baz kèlkeswa relasyon pasyan an oswa fanmi l genyen avèk kèlkeswa anplwaye Lopital la oswa manm konsèy administrasyon an. Yo pap bay yon doktè oswa fanmi l rabè senpleman poutèt "koutwazi pwofesyonèl". Yo pap bay yon pasyan rabè jis pou l kapab resevwa sèvis yon fason pou yo ka touche pou sèvis la nan men yon pwogram federal, ni yo pap asosye yon pasyan avèk yon kalite tranzaksyon konsa. Nitou, yo pap ka remèt rabè a pou yo pran lajan kach pou bagay oswa sèvis Lopital la oswa nenpòt lòt antite bay (sa gen ladan l rabè pou ti boutik la, kafeterya a, elatriye).

Pwogram Asistans Finansyè Hallmark

- b. Pwosesis pou Fè Demann epi Ranpli Kondisyon yo:
- Pasyan yo dwe depoze yon Fòmilè Demann Asistans Finansyè Hallmark Health (Apendis D) ki fin ranpli, ansanm ak dokiman ki pou soutni demann yo a, yon fason pou yo konsidere yo pou asistans. Dokiman ki nesèsè kapab gen ladan yo, san wete lòt bagay, prè: (1) revni anyèl fanmi an (fich peman travay, dosye peman sekirite sosyal, avèk yon lèt nan men anplwayè a, deklarasyon enpo yo, oswa deklarasyon bank), (2) sitwayènte ak idantite, (3) stati antanke imigran pou moun ki pa sitwayen (si aplikab), (4) resous yo si yo gen 65 an oubyen plis, epi (5) enfòmasyon sou asirans, san wete ki byenfè yo jwenn ak limit rezo yo. Yo dwe depoze tout dokiman pou soutni demann nan anvan 30 jou pase depi premye fwa yo te depoze demann nan, sinon Lopital la pap konsidere demann yo a.
 - Yo gendwa depoze demann nan Lopital la ki konfidansyèl pou timoun ki minè ak moun ki te sibi abi. Moun konsa dwe kontakte Konseye Finans yo.
 - Lè Hallmark Health ap jije Fòmilè Demann Asistans Finansyè yon pasyan, yo pa teni kont de si l te ranpli kondisyon yo anvan sa.
 - Hallmark Health gen dwa pou l reverifye chak 6 mwa si yon pasyan toujou ranpli kondisyon yo.
- c. Admisyon nan Pwogram nan:
- Lopital la ap ekri pasyan an pou l fè l konnen ki jijman yo fè anrapò ak si l ranpli kondisyon yo pou pwogram Hallmark Health la. Gade Apendis E- Notifikasyon Admisyon Pwogram Hallmark Health.
 - Lopital la gen dwa pou l rejte yon demann si yo pa resevwa tout dokiman ki pou soutni demann nan atan.
 - Si yon pasyan bay Lopital la nouvo enfòmasyon, yo gendwa koute yon apèl konsènan admisyon nan pwogram nan.
- d. Pasyan ki gen Mwayen Limite:
- Pou moun ki rezide Etazini, y ap itilize FPL ki pi resan yo pou revni total fanmi an kòm prensipal faktè lè y ap detèmine si pasyan an ranpli kondisyon pou l jwenn rabè yo pale nan Seksyon IV(g) ak nan Seksyon IV(h).
 - Pou moun ki pa rezide Etazini ki ranpli kondisyon ki nan Seksyon III(c) dokiman sa a, men ki pa ranpli kondisyon FPL yo, yo ka kalifye pou Rabè pou Moun ki pa gen Asirans oswa Asirans yo Manke, jan yo dekri sa nan Seksyon IV(i) pi ba a.
 - Tout pasyan ki ranpli kondisyon Seksyon III(c) ki nan dokiman sa a gendwa kalifye pou yon Hallmark Health Rabè Difikilte Medikal, jan yo dekri sa nan Seksyon IV(h) pi ba a.
- e. Sèvis ki nan Pwogram nan:
- Jeneralman, pwogram sa limite ak sèvis ki medikalman nesèsè Hallmark Health bay e fè resèt pou yo. Sa gen ladan l:
 - Sèvis Emèjènsi;
 - Sèvis Dijans; epi
 - Sèvis ki Pa Emèjènsi e ki Pa ljan.
- f. Sa k pa Ladann:
- Hallmark Health pa bay asistans finansyè pou Sèvis ki Medikalman Pa Nesèsè, selon doktè k ap trete pasyan an. Egzanp sèvis Lopital la pap bay asistans finansyè pou yo gen ladan yo, san wete lòt: sèvis ki pa medikal (pa egzanp, sèvis ki sosyal, edikatif, oubyen pwofesyonèl, chiriji kosmetik, rechèch, oswa lòt). Se Lopital la sèlman ki pou detèmine ki sèvis yo konsidere kòm sèvis ki fè pati pwogram nan.
 - Jeneralman, Hallmark Health pa bay yon pasyan rabè pou yon sèvis ki Pa Emèjènsi e ki Pa ljan, kote pasyan an te konnen l ap bezwen swen an, epi li soti nan yon zòn ki deyò zòn Hallmark okipe a pou l vin nan Hallmark Health pou l resevwa swen, tandiske yo ofri sèvis sa a nan zòn pasyan an.
 - Pwogram nan pa kouvri tarif pasyan konn peye anplis sa asirans peye a, sa ki rele ko-peman, dediktib, ak ko-asirans.
- g. Hallmark Health Rabè pou Pasyan Revni Fèb:
- Pou moun ki rezide Etazini, y ap itilize FPL ki pi resan yo pou revni total fanmi an kòm prensipal faktè pou detèmine admisyon. Lè yo bay yon rabè sèlman sou baz revni, jeneralman yo limite l pou pasyan ki gen yon revni fanmi ki mwens pase 301% FPL la.

Pwogram Asistans Finansyè Hallmark

- ii. Y ap ofri pasyan ki ranpli kondisyon sa a yon rabè ki egal ak oubyen ki plis pase Montan Jeneralman Faktire (Amount Generally Billed, AGB), jan yo dekri sa nan Seksyon IV(j) pi ba a.
 - iii. Se Hallmark Health k ap fè yon detèminasyon pou rabè sa a.
 - iv. Gade Apendis C ak Apendis D pou plis detay.
- h. Hallmark Health Rabè Difikilte Medikal:
- i. Pasyan ki pa ranpli kondisyon FPL yo ki pou pèmèt yo kalifye pou Hallmark Health Rabè pou Pasyan Revni Fèb gendwa toujou kalifye pou yon rabè si yo ka pwouve depans medikal yo depase 20% revni fanmi yo. Fòk depans yo te fèt nan 12 mwa ki sot pase yo, epi se sèlman depans yo konsidere kòm depans medikal dapre règ Sèvis Revni Entèn nan (IRS).
 - ii. Se Hallmark Health k ap fè yon detèminasyon pou rabè sa a.
 - iii. Gade Apendis C ak Apendis D pou plis detay.
- i. Hallmark Health Pwogram Rabè pou Moun ki Pa gen Asirans oswa Asirans yo Manke:
- i. Hallmark Health ap ofri yon rabè pou pasyan tout nivo revni, kèlkeswa stati yo antanke rezidan, depi yo ranpli kondisyon pou "Pasyan ki pa gen Asirans oswa Asirans yo Manke" yo te site pi wo nan Seksyon III(b), depi yo ranpli responsablite yo ki pi wo nan Seksyon III(c), epi depi yo ranpli yon Hallmark Health Fomilè Demann Asistans Finansyè.
 - ii. Tout pasyan ki pa gen Asirans oswa Asirans yo Manke ki ranpli kondisyon pwogram sa a kalifye pou yon rabè jiska 40% pou Sèvis ki nan Pwogram nan, si yo fè yon peman, oswa si yo fè aranjman yon plan peman, anvan 30 jou pase depi premye fakti a.
 1. Pou sèvis ki Pa Emèjènsi e ki Pa Ijan, yo dwe peye okonplè, oswa fè aranjman yon plan peman, anvan yo bay sèvis yo. Si fakti a depase sa yo te estime a, pasyan an dwe peye nenpòt montan anplis la anvan 30 jou pase depi premye fakti a.
 - a. Si yo pa peye montan anplis la atan, yo gendwa tounen dèyè sou tout aranjman rabè a, epi y ap faktire pasyan an tout montan an.
 2. Pou sèvis Emèjènsi oswa sèvis Dijans, yo dwe peye, oswa fè aranjman yon plan peman, anvan 30 jou pase depi premye fakti a.
 - iii. Lè y ap evalye si y ap bay yon rabè selon pwogram sa a, Hallmark Health kapab teni kont de si yon pasyan peye tout sa l dwe yo.
- j. Baz pou Kalkile Montan pou Pasyan Peye:
- i. Apre yo fin detèmine si pasyan an kalifye pou pwogram rabè yo dekri nan Seksyon IV(g) oswa Seksyon IV(h) pi wo a, yo pap faktire yon pasyan plis pou Sèvis ki nan Pwogram nan pase Montan Jeneralman Faktire (Amount Generally Billed, "AGB") pa Lopital la.
 - ii. Hallmark Health detèmine AGB a konsa: Premyèman yo divize total peman yo pa fakti total yo pou tout plan komèsyal ak plan Medicare frè-pou-sèvis (fee-for-service, FFS) ak plan Medicare Managed Care pou ane fiskal ki sot pase a pou yo ka detèmine Faktè Peman sou Kont lan (Payment on Account Factor, PAF) pou ane fiskal ki sot pase a. Jeneralman yo fè sa ann oktòb lè enfòmasyon sou plan swen sante yo ki pi egzak la disponib. Minimòm rabè pou Hallmark Health Pasyan Revni Fèb yo egal ak envès PAF pou ane fiskal ki sot pase a, ki se AGB a.
 - iii. Pa egzanp, pou kalkile AGB a:
 1. Peman Total pou plan komèsyal, plan Medicare FFS, ak plan Medicare Managed Care: \$150
 2. Fakti Total pou plan komèsyal, plan Medicare FFS, ak plan Medicare Managed Care: \$350
 3. PAF: 42.28%
 4. Hallmark Health Rabè AGB pou Pasyan Revni Fèb: 57.72%
 - iv. Hallmark Health Rabè pou Pasyan Revni Fèb yo, ki se AGB a, ki antre an vigè 1 oktòb 2016, se 57.72%. Yo te detèmine sa dapre sa yo te peye pou plan komèsyal yo, plan Medicare FFS yo, ak plan Medicare Managed Care yo pandan peryòd 1 oktòb 2015 rive 30 septanm 2016.

Pwogram Asistans Finansyè Hallmark

V. Plan Peman

Y ap ofri tout pasyan plan peman ki pa takse enterè pou Sèvis ki nan Pwogram nan, depi pasyan an ranpli kondisyon yo dekri pi wo yo nan Seksyon III(c), lè yo mande l yo. Yo gendwa gade stati pasyan an ak tout istwa peman li a pou yo pran yon desizyon final pou yo aksepte l nan yon plan peman. Se Hallmark Health ki pral egzamine tout plan peman pasyan yo. Se yon founisè apa ki siveye plan peman yo. Depi yo fin dakò sou yon plan, yo atann pou pasyan an respekte l. Si yon pasyan rate 2 peman, youn apre lòt, y ap tèmine plan peman an, epi Lopital la ka mete kont lan nan Move Dèt selon Pwogram Kredi ak Resèt Lopital la (ou ka vizite l nan <https://www.hallmarkhealth.org/Financial-Counseling-and-Billing/Financial-Assistance-Policies.html>). Si pasyan an fè Lopital la konnen jan sikonstans finansye li a te chanje, Lopital la gendwa re-evalye obligasyon pasyan an konsènan sa l dwe a.

- a. Si yo detèmine yon pasyan se yon Pasyan Revni Fèb oubyen li kalifye pou Difikilte Medikal dapre pwogram Massachusetts Health Safety Net la, li pap oblije ranpli kondisyon ki nan Seksyon III(c) yo anvan Lopital la ofri l yon plan peman. Pou pasyan HSN Revni Fèb oswa pasyan Difikilte Medikal ki dwe \$1000 oswa mwens, plan peman an ap dire omwen 1 an, san enterè, avèk yon peman minimòm ki pap plis pase \$25 pa mwa. Pou pasyan HSP Revni Fèb oswa pasyan Difikilte Medikal ki dwe \$1000 oswa plis, plan peman an ap dire omwen 2 an, san enterè.

VI. Pa Peye

Lopital la gen yon pwogram Kredi ak Resèt ki apa ki abòde aksyon Lopital la gendwa pran nan ka kote yon pasyan pa peye, e li gen yon lis pasyan ki gendwa jwenn pwoteksyon dapre lalwa Eta a kont nenpòt aksyon resèt. Anvan li fè kèlkeswa aksyon resèt anplis selon pwogram sa a, Lopital la ap fè yon efò rezonab pou ede pasyan an kalifye pou asistans finansyè ki nan pwogram sa a, lè l ekri pasyan an konsènan diferan pwogram asistans ki disponib yo, epi lè l ede l fin fè demann Hallmark Health Asistans Finansyè a. Nenpòt moun ka al gade pwogram Kredi ak Resèt Lopital la sou sit wèb yo a, nan <https://www.hallmarkhealth.org/Financial-Counseling-and-Billing/Financial-Assistance-Policies.html>.

VII. Pibliye e Pwopaje FAP la (Pwogram Asistans Finansyè)

- a. W ap ka jwenn enfòmasyon sou Konseye Finans Hallmark Health yo, ki bay konsèy sou finans avèk asistans finansyè, ansanm ak enfòmasyon sou Pwogram Asistans Finansyè a, sou entènèt la nan <https://www.hallmarkhealth.org/Financial-Counseling-and-Billing.html>.
 - i. Pou w ka pran yon randevou avèk yon Konseye Finans pa mwayen telefòn, ou mèt rele nan: 781-338-7111.
 - ii. W ap ka jwenn Konseye Finans Hallmark Health yo nan adrès Hallmark Health suivan sa yo:
 1. Melrose-Wakefield Hospital, 1ye Etaj, toupre antre Porter Street la, 585 Lebanon Street, Melrose, MA 02176.
 2. Lawrence Memorial Hospital, bò kote Depatman Ijans lan, 170 Governors Avenue, Medford, MA 02155.
- b. Disponib sou Entènèt
 - i. Anplis jwenn yo nan men Konseye Finans Hallmark Health yo, w ap ka jwenn pwogram Asistans Finansyè Hallmark Health la, fòmilè demann yo, avèk yon rezime pwogram nan nan yon langaj fasil nan: <https://www.hallmarkhealth.org/Financial-Counseling-and-Billing/Financial-Assistance-Policies.html>.
 1. W ap ka jwenn sit wèb sa a tou pa mwayen paj Hallmark Health la (<https://www.hallmarkhealth.org/>) lè w klike sou Patient/Visitor → Financial Counseling and Billing → Financial Assistance Policies.
 2. Sit wèb la gen fason yon pasyan ka fè demann asistans nan men Lopital la, sa gen ladan l yon lis kote l ap jwenn Konseye Finans, avèk yon nimewo telefòn santral pou pran yon randevou avèk yon konseye finans. Sit wèb la fè pasyan yo konnen fòmilè yo ak asistans finansyè a gratis.
- c. Lopital la fè tout moun konnen asistans finansyè disponib selon pwogram sa a fason sa yo:
 - i. Yo poste gwo ansèy ki fasil pou wè (8 pous pa 14 pous) nan chak pòt antre avèk lòt zòn kote anpil moun pase, tankou nan Depatman Ijans lan, Kowòdonasyon Finansyè a, ak Sèvis Kliyantèl la.

Pwogram Asistans Finansyè Hallmark

- ii. Bwochi yo ekri nan langaj fasil ki fè konnen disponiblite diferan opsyon anrapò ak asistans finansyè Hallmark Health yo, yo mete yo vizibleman nan Deptaman Emèjènsi a ak nan zòn yo admi pasyan yo.
- iii. Lè Lopital la ap admi oubyen egzilyate yon pasyan, pwosesis sa a gen ladan l mete yon rezime FAP la ki nan yon langaj fasil disponib pou pasyan an.
- iv. Nenpòt pasyan ki mande yon kopi, fas a fas oswa pa mwayen lapost, oswa nenpòt pasyan ki gen yon kesyon presi, y ap ba li yon kopi pwogram FAP Lopital la, fòmilè, avèk yon rezime nan yon langaj fasil.
- v. Materyèl yo, tankou pwogram nan, fòmilè a, ak rezime nan yon langaj fasil la disponib ann anglè, chinwa, espànnyòl, vyetnamyen, pòtigè, ris, grèk, indi, italyen, kreyòl, ak arab.
- vi. Pèsònèl pwogram kominotè Lopital la edike anrapò ak FAP la, e yo mande yo pou yo fè moun nan kominote yo konnen pwogram asistans finansyè Hallmark Health yo ki disponib.

VIII. Lòt Pwovizyon:

a. Medicare Move Dèt (Bad Debt):

- i. Yo gendwa itilize pwogram sa a pou verifiye si pasyan an pòv, yon fason pou yo ka aplike anvè pwogram nan dèt yo genyen akòz ko-asirans oswa dediktib yo dwe pou sèvis Medicare yo, depi Medicare Move Dèt aplikab. Sa k pral detèmine jijman an se revni aktyèl pasyan an avèk resous yo. Pou l kalifye, yon pasyan dwe gen yon revni ki mwens pase 201% FPL la, epi resous yo dwe vo mwens pase \$10,000 pou premye manm fanmi an, epi mwens pase \$3000 pou chak manm fanmi anplis. Pou resous yo, yo pap janm konsidere mezon prensipal yo a avèk machin prensipal yo a. Lefètke yo ranpli yon Fòmilè Demann Asistans Finansyè Hallmark Health, sa se prèyè ki endike yo pa gen posiblite pou yo itilize resous yo pou yo peye dèt yo a.

b. Evalyasyon Ka-Pa-Ka:

- i. Nou ankouraje pasyan yo pou yo fè Konseye Finans yo ak Kont Pasyan yo konnen sitiyouon finansyè patikilyè yo. Hallmark Health gendwa ba yo rabè ki anplis pwovizyon ki nan pwogram sa a, yon fason ka-pa-ka, si yon moun nan yon sitiyouon finansyè ki patikilyèman difisil.
- ii. Se Direktè Finansye (CFO) Lopital la ki gendwa apwouve yon rabè ki anplis pwogram nan.

IX. Apwobasyon Konsèy la

Konsèy Administrasyon Hallmark Health la te apwouve Hallmark Health FAP la jou ki te 27 jiyè 2017.

Apendis A– Andwa Hallmark Health yo, Antite k ap Patisipe

Pwogram asistans finansyè sa a gen rapò ak sèvis yo bay e fè resèt pou yo nan Hallmark Health ki nan andwa sa yo:

1. Melrose-Wakefield Hospital Campus, 585 Lebanon Street, Melrose, MA 02176.
2. Lawrence Memorial Hospital Campus, 170 Governors Avenue, Medford, MA 02155.
 - a. Lawrence Memorial Hospital Urgent Care Center, 170 Governors Avenue, Medford, MA 02155.
3. Hallmark Health System Hematology and Oncology Center, 41 Montvale Avenue, 3yèm, 4yèm, ak 5yèm Etaj, Stoneham, MA 02180.
4. Hallmark Health ki nan 101 Main, 101 Main Street, Medford, MA 02155
 - a. Lawrence Memorial Hospital Rehabilitation Services, Suites 105 ak 106.
 - b. Community Counseling Services, Suite 112.
 - c. Lawrence Memorial Medical Services, Suites 113, 114, ak 116.
 - d. Family Medical Associates, Suites 213, 214, ak 215.
5. Community Counseling Center, Malden Family Health Center, 178 Savin Street, 2yèm Etaj, Malden, MA 02148.
6. Health Image Women's Imaging Center, 830 Main Street, 3yèm Etaj, Melrose, MA 02176.
7. Chem Center for Radiation Oncology & MRI, 48 Montvale Avenue, Stoneham, MA 02180.
8. Hallmark Health Outpatient Diagnostic Testing and Rehabilitation Center, 30 Newcrossing Road, Reading, MA 01867.
 - a. Reading Urgent Care Center, 30 Newcrossing Road, Reading, MA 01867.
9. Melrose-Wakefield Hospital Rehabilitation Services, 22 Corey Street, Melrose, MA 02176.

Apendis B: Hallmark Health Lis Founisè Asosye ak Hallmark Health, Antite ki Pap Patisipe

Chak founisè oswa gwoup founisè ki nan lis sa a bay sèvis nan yon lopital, men, depans yo ak tarif yo pa fè pati Pwogram Asistans Finansyè Hallmark Health la ("FAP"). FAP Hallmark Health la pa gen ladan l sèvis antite suivan sa yo bay e fè resèt pou yo, byenke yo asosye avèk Hallmark Health:

1. Hallmark Health's Physicians Organization, Hallmark Health Medical Associates.
2. Hallmark Pathology, P.C.
3. Hallmark Imaging Associates, P.C.
4. Men depatman kote gendwa se yon founisè ki pa fè pati pwogram FAP la ki sèvi yon pasyan: Sèvis kè (Cardiology), Sèvis Glann ak Òmòn (Endocrine), Sèvis Vant ak Entesten (Gastroenterology), Sèvis Radyografi/San/Timè (Radiology/Hematology/Oncology), Maladi kantajèz (Infectious Disease), Medsin Entèyè (Internal Medicine), Swen Obstetrisyen ak Jinekòlòg (OB- GYN Care), Sèvis Ren (Nephrology), Sèvis Pye (Podiatry), Sèvis Poumon (Pulmonary), Sèvis Atrit ak Mis (Rheumatology), Medsin pou dòmi (Sleep Medicine), Chiriji (Surgery), Sèvis Irinè (Urology), Swen Plè (Wound Care).
5. Melrose-Wakefield Emergency Physicians, Inc.
 - a. Medsen ki nan Depatman Emèjènsi (Hallmark Health Emergency Departments) ki nan Lawrence Memorial Hospital ki 170 Governors Avenue, Medford, MA 02155 epi Melrose-Wakefield Hospital ki 585 Lebanon Street, Melrose, MA 02176.
 - b. Medsen ki nan Hallmark Health System Urgent Care Center yo ki 170 Governors Avenue, Medford, MA 02155 epi 30 New Crossing Road, Reading, MA 01867.
6. Hospital Medicine Associates (Team Health).
 - a. Medsen Hallmark Health ki pou pasyan ki etène yo ki nan Lawrence Memorial Hospital ki 170 Governors Avenue, Medford, MA 02155 epi Melrose-Wakefield Hospital ki 585 Lebanon Street, Melrose, MA 02176.
7. Metropolitan Anesthesia.
8. Mystic Cardiology Associates, Inc., san wete Dr. Conway, Dr. Pladziewicz, ak Dr. Samenuk.
9. Mystic Medical Group, san wete Dr. Weinstein.
10. UMS New England Lithotripsy.
11. Middlesex Cardiology Associates, Inc.
12. Tufts Medical Center Physicians Organization, Inc. (f/k/a New England Health Care Foundation, Inc.)
13. Eliot.
14. Pediatrix.
15. Regional Home Care.

Nou ankouraje tout medsen ak òganizasyon medsen ki asosye ak Hallmark Health, menm sa ki nan lis pi wo a, pou yo travay ann amoni ak pwogram asistans finansyè Hallmark Health la, men nou pa egzije yo sa.

Apendis C: Montan Rabè Asistans Finansyè Hallmark Health

Moun nan Fanmi	100% FPL	Jiska 150% FPL	Jiska 300% FPL	Plis Pase 301 % FPL
1	\$12,060	\$18,090	\$36,180	\$36,181
2	\$16,240	\$24,360	\$48,720	\$48,721
3	\$20,420	\$30,630	\$61,260	\$61,261
4	\$24,600	\$36,900	\$73,800	\$73,801
5	\$28,780	\$43,170	\$86,340	\$86,341
6	\$32,960	\$49,440	\$98,880	\$98,881
7	\$37,140	\$55,710	\$111,420	\$111,421
8	\$41,320	\$61,980	\$123,960	\$123,961
Chak moun > 8	\$4,180	\$6,270	\$12,540	\$12,541
Rabè		100%	58%	40%
Pousantaj pou Pasyan an Peyè		0%	42%	60%

FPL se Nivo Povrete Federal la, sa yo te bay Janvyè 2017, selon Rejis Federal la

Apendis D



Melrose-Wakefield Hospital

Lawrence Memorial Hospital of Medford

Fòmilè Demann Asistans Finansyè

Hallmark Health fyè pou yo bay chak pasyan meye swen an. Hallmark Health ofri pasyan ki pa ka peye pou swen dijans oswa swen ki nesèsè yo asistans finansyè pa mwayen Pwogram Asistans Finansyè li a. Asistans Finansyè Hallmark Health la pa la pou l kouvri swen ki pa emèjènsi oswa ki pa ijan. Li pa la nonplis pou l bay rabè sou ko-peman, ko-asirans, ak dediktib pou asirans, sètadi, pati pasyan an peye anplis sa asirans lan peye a.

Nou atann pasyan ki gen mwayen yo peye pou sèvis yo resevwa nan men Hallmark Health yo. Sepandan, li posib pou w kalifye pou w jwenn asistans finansyè. Nou vrèman ankouraje pasyan yo pou yo fè demann nenpòt pwogram asistans gouvènmantal ki disponib pou yo, tankou MassHealth oswa Health Safety Net, anvan yo fè demann nan Pwogram Asistans Finansyè Hallmark Health la. Si w pa fè demann nan yon pwogram asistans gouvènmantal ou ta ka kalifye pou li a, sa ka fè nou voye pou pita oswa rejte demann ou an. Si w bezwen èd pou w fè demann yon pwogram asistans gouvènmantal, youn nan Konseye Finans Hallmark Health yo ap ka ede w.

Pou w kalifye pou pwogram asistans finansyè yo, fòk ou ranpli Fòmilè Demann Asistans Finansyè sa a yon fason ki konplè e ki egzak.

Enstriksyon Demann nan

Tanpri, ranpli Fòmilè Demann Asistans Finansyè a nèt epi mete avè l kopi dokiman suivan yo pou chak moun nan demann nan. Si w pa remèt tout dokiman ki nesèsè yo anvan 30 jou pase, sa pral fè nou rejte demann nan. Tanpri note sa, se kopi dokiman yo pou w bay, paske malerezman nou pap ka remèt ou dokiman yo annapre.

- Fin ranpli tout pati nan demann nan ki aplikab anvè ou menm, epi asire w ou siyen deklarasyon ki nan paj 4 la.
- Mete yon kopi pèmi kondui w, lòt pyès idantite w, oswa dokiman ki verifye adrès kote w abite a. Nenpòt dokiman w mete yo dwe gen ladan yo non w ak adrès aktyèl ou a.
- Mete yon kopi kat asirans ou (yo).
- Mete yon kalite dokiman ki ka verifye revni w (konbyen lajan w fè):
 - Mete yon kopi W2 ou ki pi resan an (yo) oswa fich peman travay ou ba w (bay 4 si yo peye w chak semèn, oswa bay 2 si yo peye w chak 2 semèn)
 - Si revni w te chanje sa pa fè lontan, mete dokiman tankou deklarasyon chomaj, deklarasyon bank/envestisman, deklarasyon swen long dire, deklarasyon pansyon, epi/oswa deklarasyon sekirite sosyal.
- Si pasyan an mouri, tanpri, mete yon kopi sètifika desè a ansanm ak yon lèt ki endike stati byen l kite yo.

Konseye Finans:

Si w bezwen asistans pou w ranpli demann ou an, rele **781-338-7111** pou w ka pran yon randevou avèk youn nan Konseye Finans Hallmark Health yo. Men andwa kote Konseye Finans yo ye: Melrose- Wakefield Hospital, 585 Lebanon Street, 1ye Etaj, toupre antre Porter Street la, Melrose oswa Lawrence Memorial Hospital, 170 Governors Avenue, toupre Depatman Ijans lan, Medford.

Tanpri, voye demann ou ki fin ranpli a bay adrès sa a:

Hallmark Health
Financial Counselors
170 Governors Avenue
Medford, MA 02155

Pati 1: Enfòmasyon sou Pasyan an		
Non Pasyan an:		
Dat Nesans Pasyan an:	SSN Pasyan an:	Telefòn:
Adrès Aktyèl:		
Vil:	Eta:	Kòd Zip:
Èske w se yon sitwayen Etazini? <input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> NON		
Si non, èske w gen rezidans, ki vle di w ap viv legalman Etazini? <input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> NON		
Enfòmasyon sou Moun k ap Fè Demann nan (si se pa menm moun ak pasyan pi wo a)		
Moun k ap fè demann nan se swa pasyan an swa moun ki responsab pasyan an nan domèn ekonomik.		
Non Moun k ap fè Demann nan:		
Adrès Aktyèl Moun k ap fè Demann nan:		
Vil:	Eta:	Kòd Zip:
Telefòn Moun k ap fè Demann nan:		
Enfòmasyon sou Moun Lakay Pasyan an		
Site tout moun nan kay la, dat nesans yo, epi ralasyon yo ak moun k ap fè demann nan. Yon moun nan kay la se yon moun ki fanmi avè w oswa ki rete ansanm avè w pandan yon ane anntye kòm yon manm fanmi an, sa vle di, se yon moun ou ka site sou deklarasyon enpo w.		
Moun Kay la 1:		
Dat Nesans:	Relasyon ak Pasyan an:	
Moun Kay la 2:		
Dat Nesans:	Relasyon ak Pasyan an:	
Moun Kay la 3:		
Dat Nesans:	Relasyon ak Pasyan an:	
Moun Kay la 4:		
Dat Nesans:	Relasyon ak Pasyan an:	
Moun Kay la 5:		
Dat Nesans:	Relasyon ak Pasyan an:	
Pati 2: Enfòmasyon sou Asirans Pasyan an		
<input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> NON Èske w te fè yon demann Medicaid nan 6 mwa ki sot pase yo?		
<input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> NON Èske w te fè yon demann Medicaid ki ann atant toujou, oubyen youn yo te apwouve?		
<input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> NON Èske yo te rejte demann Medicaid ou a?		
<input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> NON Èske w gen asirans medikal?		
Enfòmasyon sou Asirans Prensipal la		
Non Asirans lan:		
Adrès Asirans lan:		
Nimewo Pwogram/Idantite:	Nimewo Gwoup:	
Non Moun ki Enskri a:		
Dat Nesans Moun ki Enskri a:	Relasyon w avèk Moun ki Enskri a:	
Anplwayè Moun ki Enskri a:	Dat li Antre an Vigè:	
Enfòmasyon sou Asirans Segondè a		
Non Asirans lan:		
Adrès Asirans lan:		
Nimewo Pwogram/Idantite:	Nimewo Gwoup:	
Moun ki Enskri a:	Dat Nesans Moun ki Enskri a:	
Relasyon w avèk Moun ki Enskri a:	Anplwayè Moun ki Enskri a:	
Dat li Antre an Vigè:		

Pati 3: Revni Brit Nou Chak Mwa avèk Lòt Resous Nou

Tanpri, ranpli pati sa a ki konsène revni (lajan l touche) ak resous ki pou pasyan an epi pou chak moun nan kay la ki site nan Pati 1 an ki gen yon anplwa. Tanpri, site revni "brit", sètadi revni an anvan yo touche enpo ak taks sou li.

	Pasyan	Moun Kay la 1	Moun Kay la 2	Moun Kay la 3	Moun Kay la 4	Moun Kay la 5
Revni/Salè/Tèp						
Konpansasyon Pou Chomaj						
Sekirite Sosyal						
Pansyon Alimantè pou Timoun Deyò						
Revni Travay Endepandan, apre Depans						
Revni Enterè/Dividand						
Pansyon						
IRA/Aksyon/Obligasyon						
Revni Lokatif						
Peman Fedisi						
Konpansasyon Travayè						
Byenfè Veteran						

Deklarasyon ki di Ou Pa Gen Revni

WI NON Si revni tout moun nan kay la se zewo, èske gen yon lòt moun k ap soutni nou?

Si w te di WI pi wo a, e yon lòt moun ap soutni w, tanpri, fè yo ranpli e siyen deklarasyon ki pi ba a.

Non Pasyan an: _____ pa gen okenn revni pou lemoman. M ap sipòte yo avèk manje, kay, ak nenpòt rad yo bezwen. Mwen bay yo èd lajan tou, ki vini \$ _____ an mwayèn chak mwa.

Siyati Moun k ap Bay la: _____ Dat: _____

Resous pou Moun nan Kay la

Site enfòmasyon sou nenpòt kont chekye oswa kont epay pi ba a.

Kalite Kont	Bank	Balans apati _____

Lòt Resous ki pou Moun nan Kay la

Site enfòmasyon w genyen pou nenpòt nan kalite kont sa yo.

Kalite Kont	Bank	Balans apati _____
Aksyon/Obligasyon		
Sètifika Depo		
Obligasyon Epay Ameriken		
Kont Epay Sante		
Sètifika Epay		
Klèb Nwèl oswa Vakans		
Lòt		

Pati 4: Difikilte Medikal

Pati sa a gendwa pa pou ou. Tanpri, ranpli pati sa a si w gen depans medikal ki vrèman wo. Site tout depans swen sante yo, ni sa ki pou Hallmark Health, ni sa ki pou lòt founisè. Nou gendwa mande w dokiman, men w poko bezwen voye yo.

Non Founisè a	Total Depans Medikal	Chak Ki Lè w Oblije Fè Depans sa a? Chak...		
		<input type="checkbox"/> Semèn	<input type="checkbox"/> Mwa	<input type="checkbox"/> Ane
		<input type="checkbox"/> Semèn	<input type="checkbox"/> Mwa	<input type="checkbox"/> Ane
		<input type="checkbox"/> Semèn	<input type="checkbox"/> Mwa	<input type="checkbox"/> Ane
		<input type="checkbox"/> Semèn	<input type="checkbox"/> Mwa	<input type="checkbox"/> Ane
		<input type="checkbox"/> Semèn	<input type="checkbox"/> Mwa	<input type="checkbox"/> Ane
		<input type="checkbox"/> Semèn	<input type="checkbox"/> Mwa	<input type="checkbox"/> Ane

Pati 5: DEKLARASYON – TOUT MOUN K AP FÈ DEMANN DWE SIYEN

Tout moun k ap fè demann **DWE** siyen deklarasyon ki pi ba a pou yo ka apwouve demann yo a.

Mwen sèmante e mwen konfime tout enfòmasyon ki nan fòmilè sa a vre, yo kòrèk, epi yo konplè, dapre tout sa m ka fè, tout sa m konnen, ak tout sa m kwè. Mwen dakò pou m fè Hallmark Health konnen nenpòt chanjman anrapò ak revni, resous ekonomik, oswa lòt enfòmasyon ki ekri nan fòmilè sa a ki ka afekte kalifikasyon m pou m resevwa asistans finansyè nan men Hallmark Health. Mwen konprann yo gendwa verifye enfòmasyon sou kredi mwen ak lòt enfòmasyon finansyè mwen yo yon fason pou yo verifye deklarasyon m yo ak kalifikasyon m pou pwogram nan. Mwen konprann mwen gen 30 jou pou m remèt dokiman ki nesèsè ki egzak ki pou soutni demann nan, sinon yo pap apwouve m pou yon rabè.

Nenpòt fo deklarasyon pasyan an fè nan objektif pou l jwenn asistans finansyè, n ap voye l bay Biwo Prokirè Jeneral Massachusetts la. Pasyan ki mete fo enfòmasyon nan demann Pwogram nan pap kalifye pou Pwogram nan ankò, e se yo menm k ap responsab tout depans Pwogram nan koute, apati premye jou Pwogram nan te fè depans.

Siyati Moun k ap fè Demann nan: _____ Dat: _____

DEKLARASYON – LI NESESÈ SÈLMAN SI KONJWEN MOUN K AP FÈ DEMANN NAN AP FÈ DEMANN TOU

Si Konjwen Moun k ap fè Demann nan ap fè demann pou l jwenn asistans finansyè tou, konjwen an **DWE** siyen deklarasyon ki pi ba a pou yo ka apwouve demann nan.

Mwen sèmante e mwen konfime tout enfòmasyon ki nan fòmilè sa a vre, yo kòrèk, epi yo konplè, dapre tout sa m ka fè, tout sa m konnen, ak tout sa m kwè. Mwen dakò pou m fè Hallmark Health konnen nenpòt chanjman anrapò ak revni, resous ekonomik, oswa lòt enfòmasyon ki ekri nan fòmilè sa a ki ka afekte kalifikasyon m pou m resevwa asistans finansyè nan men Hallmark Health. Mwen konprann yo gendwa verifye enfòmasyon sou kredi mwen ak lòt enfòmasyon finansyè mwen yo yon fason pou yo verifye deklarasyon m yo ak kalifikasyon m pou pwogram nan. Mwen konprann mwen gen 30 jou pou m remèt dokiman ki nesèsè ki egzak ki pou soutni demann nan, sinon yo pap apwouve m pou yon rabè.

Nenpòt fo deklarasyon pasyan an fè nan objektif pou l jwenn asistans finansyè, n ap voye l bay Biwo Prokirè Jeneral Massachusetts la. Pasyan ki mete fo enfòmasyon nan demann Pwogram nan pap kalifye pou Pwogram nan ankò, e se yo menm k ap responsab tout depans Pwogram nan koute, apati premye jou Pwogram nan te fè depans.

Siyanti Konjwen Moun k ap fè Demann nan: _____ Dat: _____

APENDIS E



Melrose-Wakefield Hospital
Lawrence Memorial Hospital of Medford

Jou Mwa Ane

[Lèt Apwobasyon- Rabè Limite]

Jou Mwa Ane

non
adrès
vil, eta, kòd zip

Nimewo kont pasyan an:

Chè :

Mèsi dèske w te fè demann pou w jwenn asistans pou depans ou yo selon Pwogram Asistans Finansyè Hallmark Health la (“Pwogram” nan). Nou te gade demann ou an ansanm ak dokiman w te voye ansanm avè l yo pou soutni demann nan, e nou jije, sou baz revni w, ou kalifye pou w jwenn sèvis pou yon tarif redui selon Pwogram nan.

Nou te wè revni w se _____ pou fanmi w ki gen _____ moun. Sa pèmèt ou kalifye pou w peye sèlman _____ nan tarif nòmal la. Tarif ki te vini _____ pou sèvis pou _____ ki te fèt __/__/____, n ap redui l a _____. N ap kontakte w pou ede w fè aranjman pou w fè peman sou rès dèt ou rete a, e n ap voye yon fakti detaye si w mande n sa. Tanpri, note rabè ou jwenn nan Pwogram sa a pa aplikab anvè ko-peman, ko-asirans, oswa dediktib, paske y ap toujou responsablite pa w.

Nou apwouve w pou pwogram nan pou 6 mwa. Si w pa dakò ak desizyon sa a epi w panse w kalifye pou w jwenn plis rabè, tanpri, kontakte Konseye Finans nou site pi ba a.

Sensèman,

Non
Tit, Telefòn

Orijinal 7/2017



Melrose-Wakefield Hospital
Lawrence Memorial Hospital of Medford

[Lèt Apwobasyon- Rabè 100%]

Jou Mwa Ane

non
adrès
vil, eta, kòd zip

Nimewo kont pasyan an:

Chè :

Mèsi dèske w te fè demann pou w jwenn asistans pou depans ou yo selon Pwogram Asistans Finansyè Hallmark Health la (“Pwogram” nan). Nou te gade demann ou an ansanm ak dokiman w te voye ansanm avè l yo pou soutni demann nan, e nou jije, sou baz revni w, ou kalifye pou w jwenn sèvis san w pa peye anyen pou sa, selon Pwogram nan. Kidonk, n ap anile dèt ou te genyen pou _____ pou sèvis _____ te resevwa jou ki te __/__/____. Ou pa dwe resevwa okenn lòt fakti nan men nou pou sèvis sa yo.

Nou apwouve w pou Pwogram nan pou 6 mwa. Si w gen nenpòt kesyon, tanpri, kontakte Konseye Finans nou site pi ba a.

Sensèman,

Non
Tit, Telefòn



Melrose-Wakefield Hospital
Lawrence Memorial Hospital of Medford

[Lèt Lèt Jijman- Rabè Limite pou rive Rabè 100%]

Jou Mwa Ane

non
adrès
vil, eta, kòd zip

Nimewo kont pasyan an:

Chè :

Nou ekri w pou n pousuiv premye jijman nou te fè jou ki te __/__/__ ki te di ou te kalifye sèlman pou tarif redui selon Pwogram Asistans Finansye Hallmark Health la (“Pwogram” nan). Kòm ou te mande nou sa, nou te regade premye desizyon an sou demann ou an, e nou jije ke, sou baz revni w, ou kalifye pou w jwenn sèvis san w pa peye anyen selon Pwogram nan. Kidonk, n ap anile dèt ou te genyen pou _____ pou sèvis _____ te resevwa jou ki te __/__/__. Ou pa dwe resevwa okenn lòt fakti nan men nou pou sèvis sa yo. Nou apwouve w pou Pwogram nan pou 6 mwa. Si w gen nenpòt kesyon, tanpri, kontakte Konseye Finans nou site pi ba a.

Sensèman,

Non
Tit, Telefòn



Melrose-Wakefield Hospital
Lawrence Memorial Hospital of Medford

[Lèt Lèt Jijman- Pa t Kalifye pou rive Rabè 100%]

Jou Mwa Ane

non
adrès
vil, eta, kòd zip

Nimewo kont pasyan an:

Chè :

Nou ekri w pou n pousuiv premye jijman nou te fè ki te di ou pa kalifye pou w jwenn asistans finansyè nan Pwogram Asistans Finansyè Hallmark Health la (“Pwogram” nan). Kòm ou te mande nou sa, nou te regade premye desizyon an sou demann ou an, e nou jije ke, sou baz revni w, ou kalifye pou w jwenn sèvis san w pa peye anyen selon Pwogram nan. Kidonk, n ap anile dèt ou te genyen pou _____ pou sèvis _____ te resevwa jou ki te __/__/____. Ou pa dwe resevwa okenn lòt fakti nan men nou pou sèvis sa yo. Nou apwouve w pou Pwogram nan pou 6 mwa. Si w gen nenpòt kesyon, tanpri, kontakte Konseye Finans nou site pi ba a.

Sensèman,

Non
Tit, Telefòn



Melrose-Wakefield Hospital
Lawrence Memorial Hospital of Medford

[Lèt Lòt Jijman- Pa t Kalifye pou rive Rabè Limite]

Jou Mwa Ane

non
adrès
vil, eta, kòd zip

Nimewo kont pasyan an:

Chè :

Nou ekri w pou n pousuiv premye jijman nou te fè ki te di ou pa kalifye pou w jwenn asistans finansyè nan Pwogram Asistans Finansyè Hallmark Health la (“Pwogram” nan). Kòm ou te mande nou sa, nou te regade premye desizyon an sou demann ou an, e nou jije ke, sou baz revni w, ou kalifye pou w jwenn sèvis pou yon tarif redui selon Pwogram nan.

Nou te wè revni w se _____ pou fanmi w ki gen _____ moun. Sa pèmèt ou kalifye pou w peye sèlman _____ nan tarif nòmal la. Tarif ki te vini _____ pou sèvis pou _____ ki te fèt __/__/__, n ap redui l a _____. N ap kontakte w pou ede w fè aranjman pou w fè peman sou rès dèt ou rete a, e n ap voye yon fakti detaye si w mande n sa. Tanpri, note rabè ou jwenn nan Pwogram sa a pa aplikab anvè ko-peman, ko-asirans, oswa dediktib, paske y ap toujou responsablite pa w.

Nou apwouve w pou pwogram nan pou 6 mwa. Si w pa dakò ak desizyon sa a epi w panse w kalifye pou w jwenn plis rabè, tanpri, kontakte Konseye Finans nou site pi ba a.

Sensèman,

Non
Tit, Telefòn



Melrose-Wakefield Hospital
Lawrence Memorial Hospital of Medford

[Lèt Lèt Jijman- Premye Desizyon an Rete- Limite]

Jou Mwa Ane

non
adrès
vil, eta, kòd zip

Nimewo kont pasyan an:

Chè :

Nou ekri w pou n pousuiv premye jijman nou te fè jou ki te __/__/____ ki te di ou te kalifye sèlman pou tarif redui selon Pwogram Asistans Finansyè Hallmark Health la (“Pwogram” nan). Kòm ou te mande nou sa, nou te regade premye desizyon an sou demann ou an, e nou jije ke, sou baz revni w, ou toujou kalifye sèlman pou tarif redui selon Pwogram nan.

Jan nou te di sa nan premye lèt sou kalifikasyon w lan, tarif ki te vini _____ pou sèvis pou _____ ki te fèt __/__/____, n ap redui l a _____. N ap kontakte w pou ede w fè aranjman pou w fè peman sou rès dèt ou rete a, e n ap voye yon fakti detaye si w mande n sa. Tanpri, note rabè ou jwenn nan Pwogram sa a pa aplikab anvè ko-peman, ko-asirans, oswa dediktib, paske y ap toujou responsablite pa w.

Nou apwouve w pou pwogram nan pou 6 mwa. Si w toujou pa dakò ak desizyon sa a, tanpri, kontakte Konseye Finans nou site pi ba a.

Sensèman,

Non
Tit, Telefòn



Melrose-Wakefield Hospital
Lawrence Memorial Hospital of Medford

[Lèt Lòt Jijman- Premye Desizyon an Rete- Pa Kalifye]

Jou Mwa Ane

non
adrès
vil, eta, kòd zip

Nimewo kont pasyan an:

Chè :

Nou ekri w pou n pousuiv premye jijman nou te fè jou ki te __/__/____ ki te di ou pa kalifye pou w jwenn asistans finansyè nan Pwogram Asistans Finansyè Hallmark Health la (“Pwogram” nan). Kòm ou te mande nou sa, nou te regade premye desizyon an sou demann ou an, e nou jije ke, sou baz revni w, ou toujou pa kalifye pou w jwenn asistans selon Pwogram nan.

Si w toujou pa dakò ak desizyon sa a, oswa si w ta renmen pale sou posiblite w genyen pou fè yon aranjman pou w peye, tanpri, kontakte Konseye Finans nou site pi ba a.

Sensèman,

Non
Tit, Telefòn



Melrose-Wakefield Hospital
Lawrence Memorial Hospital of Medford

[Lèt Rejeksyon- Jeneral]

Jou Mwa Ane

non
adrès
vil, eta, kòd zip

Nimewo kont pasyan an:

Chè :

Mèsi dèske w te fè demann pou w jwenn asistans pou depans ou yo selon Pwogram Asistans Finansyè Hallmark Health la (“Pwogram” nan). Nou te gade demann ou an ansanm ak dokiman w te voye ansanm avè l yo pou soutni demann nan, e nou jije ke, sou baz revni w, ou pa kalifye pou w jwenn rabè selon Pwogram nan.

Nou jije ke revni w, ki se _____ pou fanmi w ki gen _____ moun, plis pase limit la, ki se _____.

Si w pa dakò ak desizyon sa a oswa si sikonstans ou te chanje sa pa fè lontan, n ap byen kontan regade demann ou an ankò avèk nenpòt nouvo enfòmasyon w ka ofri nou. Si gen nenpòt kesyon, tanpri, kontakte Konseye Finans nou site pi ba a.

Sensèman,

Non
Tit, Telefòn



Melrose-Wakefield Hospital
Lawrence Memorial Hospital of Medford

[Lèt Rejeksyon- Demann nan Pa Konplè]

Jou Mwa Ane

non
adrès
vil, eta, kòd zip

Nimewo kont pasyan an:

Chè :

Mèsi pou demann ou te fè pou w jwenn asistans pou depans ou yo selon Pwogram Asistans Finansyè Hallmark Health la, demann ou te fè jou ki te __/__/____. Jis jounen jodi a, nou poko resevwa dokiman ki pou soutni demann ou an, dokiman ki nesesè pou n ka pousuiv avèk demann nan, e pakonsekan, n ap rejte demann ou te fè pou w jwenn asistans lan.

Yonfwa ou fin konpile tout dokiman ki pou soutni demann ou an, nou ankouraje w pou w depoze yon nouvo fòmilè demann asistans finansyè pou nou konsidere. Si w gen nenpòt kesyon, tanpri, kontake Konseye Finans nou site pi ba a.

Sensèman,

Non
Tit, Telefòn



Melrose-Wakefield Hospital
Lawrence Memorial Hospital of Medford

[Lèt Rejeksyon- Sèvis yo Pa Kalifye]

Jou Mwa Ane

non
adrès
vil, eta, kòd zip

Nimewo kont pasyan an:

Chè :

Mèsi pou demann ou te fè pou w jwenn asistans pou depans ou yo selon Pwogram Asistans Finansyè Hallmark Health la, demann ou te fè jou ki te __/__/__. Nou regrèt pou nou di w sèvis ou te resevwa jou ki te __/__/__, nou pa konsidere yo kòm sèvis ki medikalman nesèsè, e pakonsekan, yo pa kalifye pou yo jwenn asistans selon Pwogram nan. Tanpri, remèt peman an atan pou evite nou pran lòt mezi pou nou jwenn li.

Si w pa dakò ak desizyon sa a, oswa si w gen nenpòt kesyon, tanpri, kontakte Konseye Finans nou site pi ba a.

Sensèman,

Non
Tit, Telefòn